



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, TRAVAYÈ DETAYAN YO AK PWOPRIYETÈ TI BIZNIS YO SELEBRE NOUVO PWOTEKSYON ISTORIK KONT VÒL NAN BIZNIS AN DETAY ÒGANIZE

Yo te kreye nouvo penalite krim pou agresyon sou yon travayè k ap vann an detay

Kredi taks 5 milyon dola ki disponib pou pwopriyetè biznis pou kamera sekirite ak lòt depans anti-vòl yo

40.2 milyon dola pou Ekip Devwe kont Vòl an Detay pou Lapolis Eta New York ak fòs lòd lokal la

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rejwenn yon kowalisyon travayè k ap vann an detay nan premye liy lan ak pwopriyetè ti biznis pou selebre nouvo pwoteksyon kont vòl an detay òganize ki te siyen an lwa ak Bidjè Eta pou Ane Fikal 2025 la. Apwòch konplè sa a mete plis pouvwa nan men fòs lòd yo, pwokirè yo ak pwopriyetè biznis yo – sa ki vize tout domèn vilnerabilite. Nouvo pwoteksyon yo gen ladan plis penalite kriminèl pou nenpòt moun ki agrese yon travayè k ap vann an detay pou soti nan yon deli pou vin yon krim, epi li gen ladan yon kredi taks 5 milyon dola pou ede pwopriyetè ti biznis yo investi nan mezi sekirite adisyonèl yo. Bidjè Eta pou Ane Fikal 2025 Gouvènè Hochul la ankò fè investisman istorik nan sekirite piblik epi li bati sou twazan pwogrè ki te fè diminye krim nan tout eta a.

"Mwen te pwomèt travayè k ap vann an detay yo ak pwopriyetè ti biznis nou yo ke mwen ta pwoteje yo - epi n ap fè egakteman sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Isit la nan New York, nou opoze vòl ki te òganize kont detayan yo, n ap sipòte biznis nou yo ak travayè yo ak tout pouvwa lalwa a, epi n ap retabli sans sekirite ak lapè nan lespri sa a pou yo ka konsantre sou sa yo fè pi byen."

Konsantre Gouvènè Hochul sou vòl an detay òganize vini kòm done krim yo montre yon ogmantasyon enpòtan nan krim sa yo pandan sis dènye ane yo. Ofans vòl nan Vil New York ogmante de 51 pousan ant 2017 ak 2023. Vòl, gwo vòl ak ti vòl nan Vil New York ogmante de 86 pousan pandan menm peryòd tan sa a.

Bidjè Eta ane fiskal 2025 la gen ladan plan senk pwen Gouvènè Hochul pou konbat vòl òganize kont komès an detay:

- **Ranfòse penalite kriminèl** pou nenpòt moun ki atake yon travayè ki vann an detay pou soti nan yon deli pou vin yon krim. Nenpòt moun ki lakòz blesi fizik sou yon travayè an detay k ap fè travay yo pral sibi nouvo krim sa a.
- **Pèmèt pwokirè yo konbine valè machandiz yo vòlè** yo lè yo depoze akizasyon pou vòl. Bidjè a pèmèt machandiz an detay ki soti nan diferan magazen pou yo regwoupe nan bi pou yo rive nan yon sèy ki pi wo lè yo vòlè yo nan kad menm konplo kriminèl la.
- **Fè li ilegal pou ankouraje lavant machandiz yo vòlè** pou pouswiv vandè twazyèm pati yo. Y ap jwenn yon moun koupab si li itilize nenpòt sit entènèt oswa kote fizik pou vann machandiz yo vòlè yo.
- **40.2 milyon dola** pou Ekip kont Vòl Vann an Detay ki devwe nan Lapolis Eta a, Biwo Pwokirè Distri yo ak fòs lòd lokal yo, ki gen ladan 100 pèsonèl Lapolis Eta New York ki devwe pou konbat vòl an detay òganize.
- Kredi taks **5 milyon dola** pou ede ti biznis yo envesti nan plis mezi sekirite tankou kamera. Pou ede soulaje fado sou ti biznis yo pou mezi sekirite adisyonèl, Bidjè a kreye yon kredi taks 3,000 dola pou nenpòt ti biznis ki depanse kantite lajan sèy la nan mezi prevansyon vòl an detay.

Angajman Gouvènè Hochul pran pou lite kont vòl an detay nan Bidjè pou Ane Fiskal 2025 la chita sou estrateji prensipal yo ki te bese krim vyolan nan nivo ki pi ba nan listwa. Kòm rezilta pwogram tankou Inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE), ki bay finansman pou fòs lòd lokal yo nan 21 konte andeyò Vil New York, krim ak zam yo te wè yon ogmantasyon konsiderab. Trimès ki sot pase a, rejyon GIVE yo te gen kantite fiziyad ki pi ba nan rekò yo, epi Vil New York te gen kantite fiziyad ki pi ba nan nenpòt trimès depi pandemi an. Depi 2021, اساسina nan tout eta a desann 30 pousan.

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Vòl nan magazen ak vòl an detay òganize te ravaje anpil ti biznis nan distri mwèn an ak atravè Vil New York. Pandan ke sanksyon te deja egziste pou posede machandiz yo vòlè, jiska kounye a pa te gen okenn lwa espesifik ki vize vant sou entènèt oswa revann atik yo vòlè sou entènèt, ki te ogmante pa prèske 60% depi 2015. Yo estime ke antrepriz kriminèl yo vann plis pase

500 milya dola nan pwodwi yo vòlè oswa pwodui ki falsifye atravè mache sou entènèt tankou Amazon, Craigslist, eBay ak Facebook Marketplace, ak ti kras oswa san okenn konsekans. Sa chanje ak enklizyon lwa nou an nan bidjè eta a pou etabli yon ofans kriminel pou vant sou entènèt. Avèk nouvo ofans sa a, n ap bay avoka distri nou yo yon zouti enpòtan pou yo atake vòlè òganize yo ak revann atik yo vòlè, kèlkeswa kote sa rive. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena Stewart-Cousins, Pwokirè Distri Manhattan Bragg ak Esponsò Asanble Rosenthal pou sipò yo nan lejislasyon enpòtan sa a."

Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare, "Siyati jodi a reprezante yon etap enpòtan nan angajman kontinyèl nou an pou asire byennèt travayè k ap vann an detay nou yo ak pwoteje ti biznis nou yo kont vòl vyolan. Mwen ta renmen felisite Gouvènè nou an Kathy Hochul, patnè mwen nan Asanble a, Manny de los Santos, CAPS, ak tout pwopriyetè ak reprezantan ti biznis nou yo. Agrese yon travayè k ap vann an detay pral vin yon krim kounye a. Mezi sa a ki soti nan lejislasyon mwen an pral ogmante penalite pou agresyon sou yon travayè an detay paske pèsonn pa ta dwe viv nan pè pou yo agrese yo lè yo ale nan travay. Nou la pou reyafime angajman nou anvè sekirite yo ak sekirite tout travayè ki vann an detay atravè eta a. Pandan tout pandemi an, nou te konte sou travayè k ap vann an detay nou yo kòm travayè esansyèl ki souvan travay nan lè ki pa konvansyonèl nan ti biznis ki posede ak opere pa vwazen nan kominote ki antoure a. Nan bidjè sa a, nou voye yon mesaj bay travayè an detay yo ke nou sipòte yo epi ke lavi yo gen valè. Pake sa a se yon gwo viktwa pou sekirite piblik ak biznis lokal nou yo, epi mwen vrèman rekonesan dèske m te jwe yon wòl nan fè enkli mezi sa yo pou elektè m yo nan Staten Island ak Rejyon Sid Brooklyn."

Manm Asanble Manny De Los Santos te deklare, "Rekonèt wòl enpòtan travayè k ap vann an detay yo kòm kontribitè esansyèl nan kominote nou yo, amelyore sekirite piblik nan ranfòse sanksyon pou vòl ak vyolans nan anviwònman an detay esansyèl. Mezi sa a reflekte angajman inebranlab nou pou fè sa ki byen lè nou kreye anviwonman ki an sekirite kote anplwaye yo ak kliyan yo ka santi yo gen valè ak pwoteje. Mwen eksprime rekonesans mwen bay Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie, ak Senatè Scarcella-Spanton pou devouman fèm yo pou adopte lwa ki priorize byennèt travayè esansyèl nou yo ak kominote yo."

Pwokirè Distri Brooklyn Ian Eric Gonzalez te deklare, "Travay pou sispann vòl an detay ak pi byen pwoteje anplwaye k ap vann an detay se te yon priorite enpòtan pou biwo mwen an ak ajans fòs lòd yo nan tout vil la. Mwen rekonesan dèske Lejislati a te ajoute zouti ki pral ede nan misyon sa a nan Bidjè Eta ane sa a epi mwen kontan paske Gouvènè Hochul te siyen yo an lwa. Nouvo finansman sa a pral pèmèt nou bati sou pwogram anti-vòl ki gen siksè, ki gen ladan pwogram afidavi entwizyon nou an pou sispann residivis yo, epi investi nan lòt solisyon. Pwoteksyon yo te adopte jodi a voye yon mesaj ini ak klè ke biznis nou yo, ak Nouyòkè k ap travay di k ap sèvi kominote nou yo, dwe opere an sekirite epi san yo pa pè anachi."

Direktè Relasyon Gouvènman pou Asosyasyon Sipè Makèt Nasyonal la ak Pòtpawòl CAPS, Nelson Eusebio, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li

te abòde kesyon vòl an detay epi travay san pran souf pou avanse plan an pou rezoud pwoblèm nan. Nou rekonesan pou sipò Gouvènè a nan politik sa yo ki pral gen chanjman enpòtan sou teren pou magazen nou yo, anplwaye yo, ak kominote yo epi se sa kesyon an ye. Mèsi Manm Asanble Manny De Los Santos ak Senatè Jessica Scarcella-Spanton paske yo se yon defansè solid nan Lejislati Eta a ak leve vwa ki konsène ti biznis atravè Vil New York ak Eta New York."

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Konsèy pou Revandè nan Eta New York la, Melissa O'Connor, te deklare, "New York se kapital komès an detay nan mond lan, epi Gouvènè Hochul te rekonèt kèk mwa de sa ke pou kenbe deziyasyon sa a, magazen yo te bezwen èd li pou adrese krim an detay òganize ak vòl an detay abityèl. Li te koute enkyetid nou yo ki gen rapò ak sekirite magazen ak kominote a epi, sa ki pi enpòtan, li te aji. Mwen fyè pou m rejwenn gouvènè a ak mak nou reprezante yo pou m temwen siyati pwojè lwa jodi a, apre plizyè mwa travay di, deba respè ak konvèsasyon enteresan ak lejislatè yo ak lidè kominotè yo. Nou pral kontinye angaje ak tout moun ki gen enterè yo pou asire yon eksperyans fè makèt ki an sekirite epi ki agreyab nan magazen yo atravè Eta New York."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Business Council of New York State INC. Heather Mulligan, te deklare, "Vòl an Detay te vin tounen yon gwo enkyetid pou biznis yo atravè eta a, patikilyèman ti biznis ki gen envantè ekspoze, ki eskpoze yo fas ak krim sa yo. Nou remèsye Gouvènè a paske li priyoreze mezi sekirite sa yo davantaj epi paske li pwoteje moun ki bay travay epi ki kontribiye nan ekonomi eta ak lokal yo."

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Partnership for New York City a, te deklare, "Kominote biznis la apresye lidèchip Gouvènè Hochul la nan abòde eksplozyon nan vòl an detay epi, an patikilye, ogmante pwoteksyon travayè k ap vannan detay ki tèlman vilnerab fas ak entimidasyon ak blesi."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Chanm Komès Greater New York la, Mark Jaffe, te deklare, "Manm nou yo apresye lidèchip Kathy Hochul pou ede pini residivis yo ak moun k ap mete bon jan kalite lavi NY la an danje. Nou tout depann de detayan & ti biznis yo pou bay sèvis esansyèl. Pa gen dout, lejislasyon sa a bay zouti enpòtan ki pral pwoteje yo epi ki pral retabli kominote ki pi an sekirite ki tèlman enpòtan pou dinamik NY. Ti biznis ak revandè yo pwouve yo entegral nan fason nou viv ak fè biznis epi yo merite tout sipò nou ka ba yo. Nou nan Chanm lan fyè pou nou sipòte revandè nou yo ak manm ti biznis nou yo epi nou pral kontinye selebre lejislasyon sa a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Manhattan (Manhattan Chamber of Commerce) lan, Jessica Walker, te deklare, "Vòl an Detay te vin tounen yon gwo menas pou egzistans ti biznis yo atravè Vil New York. Malerezman, anpil pwopriyetè biznis menm sispann rapòte vòl sa yo paske yo te santi yo pa t ap fè anyen pou sa. Nou felisite Gouvènè Hochul ak lejislati eta a paske yo finalman tande lapriyè yo epi yo aji yon fason desizif pou adrese kriz sa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)